



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 10 fevriye 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANPIL SANTÈN CHAS-NÈJ AK EKIP KI SÒTI TOUPATOU NAN ETA A AP TRAVAY SAN PRAN SOUF POU RANMASE NÈJ NAN SUFFOLK

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kontinyasyon mobilizasyon resous eta a ak resous lokal yo pou ede Konte Suffolk retounen nan aktivite li apre gwo tanpèt livè a ki te kite prèske twa (3) pye nèt toupatou nan Lès Long Island.

Plis pase 529 pyès ekipman, ansanm avèk 412 lòt kamyon chas-nèt ak 731 operatè te rive pandan dènye 24 èdtan yo epi pandan lannwit. Antou, plis pase 675 pyès ekipman pou ranmase nèt ak 975 anplwaye nan Suffolk kounye a pou ogmante efò sekou lokal san rete epi pou ede netwaye wout yo anvan anpil aktivite lendi maten an.

Akòz aksyon eta a te fè, yo te deplwaye plis pase yon tyè resous eta a pou ranmase nèt nan Konte Suffolk, sa ki reprezante youn nan pi gwo mobilizasyon pou bay sekou nan yon tanpèt nèt prentan nan istwa eta a. Yo te re-deplwaye resous siplemantè nan eta a lè yo t ap fè efò pou ranmase nèt, ekipman pou retire nèt ak anplwaye pou mete nan Long Island. Resous konvab yo ap rete nan tout rejyon eta a pou rezoud nenpòt konsekans ki pa prevwa nan jou k ap vini yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Konte Suffolk pa wè yon tanpèt nèt livè tankou Nemo nan anpil ane, epi gwo kantite nèt ki rete dèye fèmen rejyon an nèt. Apati moman li te vin klè Konte Suffolk ta gen konsekans grav tanpèt la nan New York, eta a te bay yon kokennchenn nivo resous, ekipman ak mendèv pou sipòte efò sekou lokal yo. Eta a ap kontinye fè tout sa ki posib pou ogmante travay sekou ki la deja, epi l ap asire sitwayen Konte Suffolk yo kapab retounen nan aktivite nòmal yo san pèdi tan.”

Detay resous eta a yo mobilize samdi nan Suffolk prezante konsa:

| | Kamyon Chas-Nèt | Ekipman Siplemantè pou Ranmase Nèt | Anplwaye |
|---------|------------------------|---|-----------------|
| NYS DOT | 318 | 88 | 574 |

| | | | |
|-----------------|------------|------------|------------|
| MTA | 12 | 6 | 34 |
| PANYNJ | 6 | | 6 |
| NYS Thruway | 54 | 11 | 83 |
| Vil New York | 18 | 12 | 30 |
| Westchester | 4 | | 4 |
| Total: | 412 | 117 | 731 |

Lòt ekipman yo gen ladan souflez nèj, chajè, kalibrè, trelè, aparèy ki gen pèl ak kamyon remòkè.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418